

# **PEPRINCEN SEMANTIS TEMBUNG KRIYA KANG NDUWENI TEGES NGOMONG**

## **DWI RESTININGTYAS ADI PUTRI**

PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

### **Abstrak**

Saben tembung iku mesti nduwensi teges. Antarane tembung-tebung iku bisa nduwensi sesambungan teges, nanging antarane tembung siji lan sijine iku tetep nduwensi unsur kang beda. Mula anane set iku ana kango nggolongake tembung-tebung kang nduwensi sesambungan teges. Saliyané iku makna saben tembung iku perlu dingertení kanthi cetha jalaran tembung kriya iku ngisi sawijine panggonan ing ukara. Ngomong iku dhewe minangka tembung kriya kang bisa digoleki maknane. Tembung kriya nduwensi guna kango ngisi sawijine wasesa ing ukara. Wasesa iku dhewe nduwensi guna kango ngandharake *argumene*. Supaya ngertení makna sajrone ukara iku, perlu anane peprincen semantis mligine ing teges ngomong, jalaran medharake tembung kang nduwensi teges ngomong ing pacaturan utawa ing sawijine ukara iku kudu ngerti makna kang ana sajrone tembung iku dhewe. Mula peprincen semantis tembung kriya kang nduwensi teges ngomong iku perlu ditliti supaya cetha makna sajrone tembung adhedhasar komponen maknane lan makna sajrone ukara adhedhasar struktur gramatikale.

Adhedhasar andharan mau, undere panliten iki yaiku kepriye peprincen semantise tembung kriya kang nduwensi teges ngomong adhedhasar komponen maknane? Lan kepriye peprincen semantise tembung kriya kang nduwensi teges ngomong adhedhasar struktur gramatikale? Adhedhasar underane panliten kasebut, ancuse panliten iki yaiku bisa ngertení peprincen semantise tembung kriya kang nduwensi teges ngomong adhedhasar komponen maknane lan adhedhasar struktur gramatikale. Banjur paedah teoretise panliten iki yaiku migunani kango panyengkuyung ngrembakane ilmu semantik ngenani wilayahé teges kang wis ana sadurunge, dene paedah praktise yaiku kango para maos bisa ngertení pambedane tembung siji lan sijine saka peprincen semantise iku, banjure dingertení maknane tembung kriya kang nduwensi teges ngomong. Maknane tembung-tebung sing nduwensi teges ngomong iku mau diselarasake karo wujude tembung-tebung kang nduwensi teges ngomong utawa struktur gramatikale.

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku jlentrehan komponen makna kango ngandharake maknane tembung kriya kang nduwensi teges ngomong. Teori kasebut salaras karo andharane Wedhawati. Sawise dijlentrehake nganggo jlentrehan komponen makna, tembung kriya kang dibuktekake kanthi struktur gramatikale iku dijlentrehake nganggo jlentrehan struktur batin. Jlentrehan struktur batin iki diwedharake kalungguhane. Kalungguhane tembung sajrone ukara kasebut nggunakake andharane Sudaryanto kang disengkuyung lan dicethakake dening Verhaar lan Kridalaksana.

Panliten peprincen semantis tembung kriya kang nduwensi teges ngomong iki sipate deskriptif analisis. Banjur tata cara ngumpulake dhata ing panliten iki yaiku dhata kang arupa tembung nggunakake metodhe semak lan teknik cathet. Kaping pindhone dhata arupa ukara yaiku nggunakake metodhe semak, banjur teknike yaiku teknik sadhap, teknik *simak libat cakap*, teknik *simak bebas libat cakap*, lan teknik cathet. Sawise antuk dhata saka lapangan, dhata kasebut dijlentrehake kanthi cara diperinci nggunakake jlentrehan komponen makna. Sawise diperinci tembung kriya kang nduwensi teges ngomonge, diperinci struktur gramatikale kanthi jlentrehan struktur batin kango ngertení kalungguhane tembung kriya minangka wasesa ing ukara.

Tembung kriya kang nduwensi teges ngomong iku diandharake miturut komponen maknane. Tembung kang tegese ngomong uga dicakake ing ukara supaya luwih kabukten. Tembung kriya kang nduwensi teges ngomong bisa kaperang dadi rong jinis basa ngoko lan basa krama. Tembung kriya kanthi basa ngoko kaperang dadi papat yaiku baliangga utawa *refleksif*, tanduk tarung utawa *resiprokal*, ekspresif, lan persuasif. Banjur teges ngomong kanthi basa kramane bisa diperinci dadi sagolongan yaiku ekspresif.

**Tembung wigati:** makna, komponen makna, struktur gramatikal, struktur batin, teges ngomong.

## PURWAKA

Sajrone tembung-tembung kang bisa dilebakake ing sawilayahe teges jalaran nduweni teges kang sesambungan. Tembung-tembung sawilayah iku nduweni tembung kanggo ngiket anane tembung-tembung liyane. Tembung ngomong uga bisa ngiket tembung liyane. Makna saben tembung iku perlu dingerten i kanthi cetha jalaran tembung kriya iku ngisi sawijine panggonan ing ukara. Tembung kriya minangka ngisi wasesa nduweni kalungguhan kang wigati. Kanggo ngerten i makna sajrone tembung lan sajrone ukara, dibutuhake panliten ngenani peprincen semantis.

Saka andharan ing ndhuwur iki anane perkara kang bisa nemtokake peprincen semantise tembung kriya kang nduweni teges ngomong yaiku kepriye peprincen semantise tembung kriya kang nduweni teges ngomong adhedhasar komponen maknane lan adhedhasar struktur gramatikale. Medharake sawijine perkara kasebut cethane nggunakake jlentrehan semantis yaiku jlentrehan komponen makna lan jlentrehan struktur batin.

Tujuwane panliten iki yaiku bisa ngerten i peprincen semantise tembung kriya kang nduweni teges ngomong adhedhasar komponen maknane. Banjur ugan bisa ngerten i peprincen semantise tembung kriya kang nduweni teges ngomong adhedhasar struktur gramatikale.

Tegese ngomong yaiku tumindak kang diwedharake dening wong kanthi cara ngetokake suwara awujud guneman, gunemane iku mau asipat umum. Tembung sing dikarepake kalebu ing teges ngomong iku uga tembung sing nduweni teges ngomong iku dhewe.

Jlentrehan komponen makna kanggo njlentrehake tembung kriya kang nduweni teges ngomong iku isih tetep nggunakake teori kang digunakake dening Wedhawati (1990). Wedhawati (1990:12) ngandharake yen analisis komponen iku nggunakake sistem tandha. Tandha + iku ngandharake yen ana sawijine komponen ing medhan makna, tandha – iku ngandharake yen ora ana sawijine komponen ing medhan makna, lan tandha ± ngandharake yen sawijine komponen iku bisa ana lan uga bisa ora ana utawa *opsional*.

Banjur jlentrehan struktur batin kanggo njlentrehake struktur gramatikale yaiku nggunakake andharane Sudaryanto (1991) kang isih digenahake miturut andharane Verhaar (2010) lan Kridalaksana (1986). Teori struktur batin iki wiwitane diandharake dening Chomsky. Mula anane njlentrehan ngenani komponen makna iku kanggo ngerten i makna kang ana sajrone tembung kang nduweni teges ngomong. Banjur kanggo mbuktekake kanthi cetha perlu dijlentrehake nganggo struktur batin sajrone ukara. Guna kang digunakake ing panliten iki yaiku dhirine panliti dhewe lan uga buku lan alat tulis kanggo nyatet dhata. Metodhe semak ing panliten iki nggunakake teknik *cattat*.

geganep, lan katrangan. Banjur jinise kalungguhan kang digunakake yaiku tanduk tanduk, tanggap, refleksif, resiprokal, agentif utawa paraga, objektif utawa panandhang, kompanional, wektu utawa temporal

## METODE

### Sipate Panliten

Panliten kang dianakake iki nggunakake cara dheskriptif *analisis*. Jalaran wujude basa iku ora mung bisa didheskriptifke wae, nanging uga bisa dijlentrehake kanthi pangajab bisa luwih cetha anggone ngerten i perincen semantise tembung kriya kang nduweni teges ngomong. Saliyane iku panliten ngenani peprincen semantis tembung kriya kang nduweni teges ngomong iki asipat sinkronis. Saussure sajrone Mahsun (2011:85) mratelakake yen linguistik sinkronis yaiku bidhang ilmu basa kang nganalisis basa ing wektu tartamtu.

### Dhata lan Sumber Dhata

Dhata ing panliten iku ana rong dhata. Dhata kapisan arupa tembung-tembung kang nduweni teges ngomong. Dhata kapindhone yaiku ukara minangka wujud saka tembung kriya kang nduweni teges ngomong.

Sumber dhata kang digunakake kanggo ngumpulake dhata arupa tembung iku dideleng saka ukarane nalika pacaturan ing masyarakat Desa Klurahan, Kecamatan Ngronggot, Kabupaten Nganjuk. Dene kanggo panyengkuyung maknane tembung iku nggunakake kamus Baoesastra Djawa anggitane W.J.S Poerwadarminta. Banjur sumber dhata kang arupa ukara iku uga dijupuk saka pacaturan antrane wong siji lan liyane, yen perlu uga saka informan utawa pamicara.

### Tata Carane Panliten

Ing panliten iki digunakake telung tata carane panliten, yaiku (1) tata cara ngumpulake dhata, (2) tata cara njlentrehake dhata, lan (3) tata cara ngandharake asile nganalisis dhata (Sudaryanto, 1986:57).

### Tata Cara Ngumpulake Dhata

Tata cara kapisan kang dianggo ngumpulake dhata arupa tembung yaiku nggunakake metodhe semak utawa nyemak. Metodhe semak tegese nggoleki dhata-dhatane iku kanthi cara nyemak pacaturan ing masyarakat Desa Klurahan, Kecamatan Ngronggot, Kabupaten Nganjuk. Metodhe semak iku nggunakake teknik *cattat*. Sajrone metodhe semak, instrumen kang digunakake ing panliten iki yaiku dhirine panliti dhewe lan uga buku lan alat tulis kanggo nyatet dhata. Metodhe semak ing panliten iki nggunakake teknik *cattat*.

Sawise ngumpulake dhata tembung iku mau, kapindhone ngumpulake dhata ukara. Panliti njupuk dhata langsung saka dhaerah Klurahan jalaran panliti asli saka desa Klurahan, Nganjuk saengga bisa luwih ngerti

kepriye wujude tembung-tembung kang nduweni teges ngomong ing Desa Klurahan kasebut lan uga dhata kang dikumpulake bisa luwih *valid*. Isntrumen kang digunakake kanggo nggumpulake dhata iki isih padha yaiku panliti minangka instrumen jalaran panliti kang nyemak pacaturan kang ana ing lapangan. Saliyane iku teknik nyathet iki perlu nggunakake piranti kanggo nulis banjur uga nggunakake komputer kanggo *nginventarisasi* ukara saka pacaturane masyarakat.

Tata cara ngumpulake dhata arupa ukara iku nggunakake metodhe semak. Miturut Mahsun (2011:92) metodhe semak yaiku metodhe kang digunakake nalika ngumpulake dhata kanthi cara nyemak panganggone basa. Yen miturut Sudaryanto (1993:133) *metode simak* utawa nyemak iku ditindakake kanthi cara nyimak, yaiku nyimak panganggone basa. Nyemak panganggone basa iku sing cetha nyemak panganggone basa lisan. Saengga ing panliten iki fokus kanggo ngumpulake dhata iku nganggo metodhe nyemak.

Metodhe semak iku luwih dhisik perlu nggunakake teknik sadhap. Teknik sadhap iku nalika informan lagi cecaturan utawa nindakake kegiatan ngomong, panliti nyadap ukarane kanthi cara tulis. Cara tulis iku tegese panliti nyathet ukara kang diandharake dening informan nalika nindakake kegiatan ngomong.

Saliyane nggunakake teknik sadap iku mau, isih ana teknik bacutane yaiku *teknik simak libat cakap*. Teknik simak libat cakap iki carane panliti nindakake metodhe sadhap kanthi cara melu sajrone kegiatan lan uga nyemak, melu omong-omongan. Saliyane teknik iku, isih ana *teknik simak bebas libat cakap*. Teknik iki panliti amung merhati kake panganggone basa kang ditindakake dening informan. Kang pungkasan teknik kang wigati yaiku teknik *cataat*. Teknik nyatet iki wigati banget kanggo nyatet dhata kang wis diolehake saka teknik kang sigunakake kasebut. Sajrone proses nyathet, panliti nggunakake alat tulis, buku, lan lap top kanggo mbiyantu proses nyatet kasebut.

### Tata Cara Njlentrehake Dhata

Dhata kang arupa tembung iku dikumpulake dadi siji, banjur digolongake miturut komponen maknane. Sawise dhata iku digolongake, tembung-tembung kang kalebu ing teges ngomong dijnjentrehake nganggo jlentrehan komponen makna. Jlentrehan komponen makna minangka analisis kang mliline digunakake kanggo mrinci tembung-tembung kang nduweni teges ngomong miturut titikane tembung. Anane jlentrehan analisis komponen iku dhewe kanggo mbedakake maknane tembung kriya kang nduweni teges ngomong.

Banjur wujud ukarane tembung-tembung kang nduweni teges ngomong arupa ukara kang wis dikumpulake banjur dianalisis nggunakake analisis struktur gramatikale. Jlentrehen struktur batin iku cara

kanggo mrinci tembung kriya kang nduweni teges ngomong adhedhasar struktur gramatikale. Kanthi ngerteni kalungguhane tembung kriya sajrone ukara, jlentrehan struktur batin iku uga bisa dijnjentrehake.

### Tata Cara Nyuguhake Asile Panliten

Dhata kang wis dikumpulake banjur dijnjentrehake kanthi cara dheskriptif yaiku tata cara ngonceki dhata kanthi nggunakake tembung, dudu angka. Sawise dhata iku mau dijnjentrehake kanthi cara jlentrehan semantis dhata sing wis dijnjentrehake iku mau diandharake kanthi tembung-tembung kang trep karo jlentrehane. Dhata kang wis dijnjentrehake miturut Sudaryanto (1993) diandharake kanthi metodhe *informal* lan *formal* (nyuguhake asile panliten kanthi nggunakake tandha lan lambing). Lambang kang dikarebake yaiku tandha plus (+), tandha min (-) (Sudaryanto, 1993:145). Banjur metodhe *informal* yaiku njlentrehake asil andharan dhata kanthi cara nganggo basa. Wedhawati (1990) ngandharake yen analisis komponen iku nggunakake sistem tandha. Tandha + iku ngandharake yen ana sawijine komponen ing wilayahe teges, tandha - iku ngandharake yen ora ana sawijine komponen ing medhan makna, lan tandha ± ngandharake yen sawijine komponen iku bisa ana lan uga bisa ora ana utawa *opsional*.

### Basa kang Ditliti

Basa kang digunakake ing panliten iki yaiku tembung kang isih digunakake ing jaman saiki. Miturut tatanane masyarakat, tembung kang digunakake iku uga ana rong jinis yaiku basa ngoko lan basa krama. Jalaran masyarakat Desa Klurahan isih nggunakake Basa Jawa, mula mesti ana uggah-ungguhe basa nalika cecaturan. Saengga basa kang digunakake iku ana rong jinis kaya ing ndhuwur iku mau. Miturut regionale, basa kang ditliti manggon ing dhaerah Nganjuk, mliline ana ing Desa Klurahan, Kecamatan Ngronggot.

## ASILING ANALISIS DATA

### Peprinceen Semantise Tembung Kriya kang Nduweni Teges Ngomong Adhedhasar Komponen Maknane

Peprinceen semantise tembung kriya kang ndhuwuni teges ngomong adhedhasar komponen maknane iku kaperang dadi loro yaiku dideleng saka basa ngoko lan basa kramane.

### Komponen Maknane Tembung Kriya kang nduweni Teges Ngomong kanthi Basa Ngoko

Tembung kriya kang kalebu ing basa ngoko yaiku kaya ing ngisor iki.

kandha: + suwarane: sedhengan, +cacahe wong ngomong: luwih saka siji, +cethane omongan: cetha, + genahe omongane: nggenah, +dawane ukara: cendhog, +ora perlu ana rasa kurmat, +panganggone: wong tuwa marang wong enom

lan bisa uga wong kang sapadha-padha.  
 +intensitas pacaturane: arang.  
**ngomongi**:+suwarane: sedhengan, +cacahe wong  
 ngomong: luwih saka siji, +dawane omongangan:  
 dawa, +cethane omongan: cetha, genahe  
 omongan: nggenah, +ora perlu nggunakake rasa  
 kurmat, +panganggone: wong tuwa marang wong  
 enom utawa wong kang nduweni kalungguhan  
 luwih dhuwur tinimbang mitra wicarane lan  
 sapadha-padha, +intensitas mangsuli: arang.  
**ngandhani**:+suwarane: sedhengan, +cacahe wong  
 ngomong: luwih saka siji, cethane omongan:  
 cetha, +gенаhe omongan: nggenah, +dawane  
 ukara: dawa, +ora mbuthake rasa kurmat,  
 +panganggone iku wong tuwa marang wong sing  
 luwih enom utawa wong sing nduwe kalungguhan  
 luwih dhuwur tinimbang mitra wicarane,  
 +intensitas wangslane: arang.  
**muni**: +suwarane: sedhengan, +cacahe wong ngomong:  
 luwih saka siji, +cethane omongan: cetha,  
 +gенаhe omongan: nggenah, +dawane ukara:  
 cendhег, +ora perlu nggunakake rasa kurmat,  
 +panganggone: wong tuwa marang wong enom  
 utawa wong kang nduwe kalungguhan luwih  
 dhuwur tinimbang mitra wicarane lan uga wong  
 kang sapadha-padha, +intensitas wangslane:  
 arang.  
**nggremeng**: +suwarane: lirih, +cacahe wong omong:  
 dhewe, +cethane omongan: cetha, + gенаhe  
 omongan: nggenah, +dawane omongan: dawa,  
 +ora ana rasa kurmat, -panganggone, -intensitas  
 wangslane  
**umeg**: +cacahe wong pacaturan: bisa dhewe lan uga bisa  
 luwih saka siji, +suwarane: lirih lan kadhangkala  
 sedhengan, +cethane omongan: cetha, +gенаhe  
 omongan: nggenah, +dawane omongan: dawa,  
 +ora ngango rasa kurmat, +panganggone: wong  
 kang sapadha-padha, +intensitas wangslane:  
 kerep.  
**nyocot**: +suwarane: santer, +cacahe wong ngomong:  
 luwih saka siji, +dawane omongan: dawa,  
 +cethane omongan: cetha, +gенаhe omongan:  
 nggenah, +ora nggunakake rasa kurmat,  
 +panganggone: sapadha-padha, +intensitas  
 wangslan: arang.  
**nyangkem**: +suwarane: sedhengan, +cacahe wong  
 ngomong: luwih saka siji, +cethane omongan:  
 cetha, +gенаhe omongan: nggenah, +dawane  
 omongan: cendhег, +ora nggunakake rasa  
 kurmate, +panganggone: wong kang sapadha-  
 padha, +intensitas wangslane: arang.  
**nggacor**: +suwara: sedhengan lan uga bisa santer cacahe  
 wong ngomong luwih saka siji, +cetha ukarane:

cetha, +gенаhe omongan: nggenah, +dawane  
 ukara: dawa, +ora mbuthake rasa kurmat,  
 +panganggone: wong kang sapadha-padha,  
 +intensitas wangslane: arang.  
**ngecemes**: +suwarane: sedhengan, +cacahe wong  
 ngomong: dhewe, +ora pati cetha ukarane,  
 +nggenah kekarepane, +dawane omongan:  
 cendhег, +ora mbuthake rasa kurmat, -  
 panganggone, -intensitas wangslane.  
**ngecebret**: +suwarane: sedhengan, +cacahe pamicara:  
 bisa ngomong dhewe lan uga bisa ngomong karo  
 liyan, +cethane ukara: ora pati cetha, +gенаhe  
 omongan: nggenah, +dawane ukara: dawa,  
 +panganggone: wong enom marang wog tuwa lan  
 bocah sapadha-padha, +intensitas wangslane:  
 arang.  
**ndremimil**: +suwarane: lirih, cacahe wong omong:  
 dhewe, +omongane ora cetha, +omongane ora  
 nggenah, +dawane ukara: dawa, +ora mbuthake  
 anane rasa kurmat, -panganggone, -intensitas  
 wangslan.  
**omong-omongan**: +cacahe pamicara: luwih saka siji,  
 +cethane omongan: cetha, +gенаhe omongan:  
 nggenah, +dawane omongan: dawa, +Intensitas  
 wangslane: kerep, +ora nggunakake rasa kurmat  
 lan uga bisa nggunakake rasa kurmat,  
 +panganggone: bisa wong sing enom marang wong  
 sing luwih tuwa, wong tuwa marang wong enom,  
 lan wong kang sapadha-padha.  
**cecaturan**: +suwarane: sedhengan, +cacahe wong omong:  
 luwih saka siji, +cethane omongan: cetha,  
 +gенаhe omongan: nggenah, dawane omongan:  
 dawa, + nggunakake rasa kurmat, +panganggone:  
 wong kang sapadha-padha lan wong tuwa marang  
 wong enom, +intensitas wangslane: kerep  
 Tembung ing ndhuwur kasebut bisa diperinci  
 adhedhasar drajad pepadhane kaya ing tabel iki.

**Tabel 4**  
**Drajad Pepadhane Tembung Kriya  
 kang Nduweni Teges Ngomong**

<b>DRAJAD PEPADHANE</b>				
<b>33,3%</b>	<b>44,4%</b>	<b>50%</b>	<b>55,5%</b>	<b>61,1%</b>
nggremeng	nyocot	kandha	umeg	omong-
ndremimil	nyangkem	ngomongi		omongan
ngecemes		ngandhani		
		muni		
		nggacor		
		cecaturan		
		ngecebret		

Saka tabel pambedane tembung ing ndhuwur iku  
 ana 18 pambeda ing fitur distingif. Saben titikane  
 nduweni bobot 5,5%. Dadi tembung kang diwenehi  
 tandha (+) iku diitung lan dijumlahake miturut

prosentasene. Saka tabel ing ndhuwur iku bisa dingertenien yen komponen pambedane tembung iku ana wolung komponen. Komponen maknane yaiku dideleng saka suwarane, cacahe wong ngomong, cethane omongan, genahe omongan, dawane omongan, rasa kurmate, saka panganggone, intensitas wangsulane.

Tembung kang drajad pepadhané 33,3% yaiku tembung ‘nggremeng’, ‘ndremimil’, lan ‘ngecemes’. Banjur tembung sing drajad pepadhané 44,4% yaiku ‘nyocot’ lan ‘nyangkem’. Tembung sing drajad pepedhané 50% yaiku ‘kandha’, ‘ngomongi’, ‘ngandhani’, ‘muni’, ‘nggacor’ ‘cecaturan’, lan ‘ngecebret’. Banjur tembung sing drajad pepadhané 55,5% yaiku tembung ‘umeg’. Kang pungkasan tembung sing drajad pepadhané 61,1% yaiku ‘omong-omongan’.

#### **Komponen Maknane Tembung Kriya kang nduwéni Teges Ngomong kanthi Basa Krama**

Tembung kriya kang kalebu ing basa krama yaiku kaya ing ngisor iki.

matur: +suwarane: sedhengan, +cacahe wong ngomong: luwih saka siji, +cethane omongan: cetha, +genahe omongan: nggenah, +dawane omongan: cendhég, +nggunakake rasa kurmat, +panganggone: wong enom marang wong tuwa utawa wong sing nduwe kalungguhan luwih dhuwur tinimbang mitra wicarane, + intensitas wangsulane: arang.

beja: +suwarane: sedhengan, +cacahe wong ngomong: luwih saka siji, +cethane omongan: cetha, +genahe omongan: nggenah, +dawane omongan: dawa, +nggunakake rasa kurmate, +panganggone: wong enom marang wong tuwa utawa wong kang kalungguhane luwih endhek tinimbang mitra wicarane, +intensitas wangsulane: arang.

sanjang: +suwarane: sedhengan, +dawane omongan: cendhég, +cacahe wong ngomong: luwih saka siji, +cethane ukara: cetha, +genahe omongan: nggenah, +nggunakake rasa kurmat, +panganggone: wong tuwa marang wong enom, +intensitas wangsulan: arang.

dhawuh: +suwarane: sedhengan, +cacahe wong ngomong: luwih saka siji, +cethane omongan: cetha, +genahe omongan: nggenah, +dawane omongan: cendhég, +nggunakake rasa kurmat, +panganggone: wong tuwa marang wong sing luwih enom, +intensitas wangsulane: arang.

ngendikan: +suwarane: sedhengan, +cacahe wong ngomong: luwih saka siji, +cetha omongan: cetha, +genahe omongan: nggenah, +dawane omongan: dawa, +nggunakake rasa kurmat, +panganggone: wong tuwa marang wong enom utawa wong kang nduwe kalungguhan luwih dhuwur tinimbang mitra wicarane, +intensitas wangsulane: arang.

Tembung ing ndhuwur kasebut bisa diperinci adhedhasar drajad pepadhané kaya ing tabel iki.

**Tabel 6  
Drajad Pepadhané Tembung Kriya  
kang Nduwéni Teges Ngomong**

<b>DRAJAD PEPADHANE</b>	
<b>44,4%</b>	<b>50%</b>
matur sanjang dhawuh	Beja Ngendikan

Saka tabel pambedane tembung ing ndhuwur iku ana 18 pambeda ing fitur distingtif. Saben titikane nduwéni bobot 5,5%. Dadi tembung kang diwenehi tandha (+) iku diitung lan dijumlahake miturut prosentasene. Saka tabel ing ndhuwur iku bisa dingertenien yen komponen pambedane tembung iku ana wolung komponen. Komponen maknane yaiku dideleng saka suwarane, cacahe wong ngomong, cethane omongan, genahe omongan, dawane omongan, rasa kurmate, saka panganggone, intensitas wangsulane.

Tembung sing drajad pepadhané 44,4% yaiku ‘matur’, ‘sanjang’, lan ‘dhawuh’. Banjur tembung kang drajad pepadhané 50% yaiku ‘beja’ lan ‘ngendikan’.

#### **Peprincen Semantise Tembung Kriya kang Nduwéni Teges Ngomong Adhedhasar Struktur Gramatikale**

Peprincen semantis tembung kriya adhedhasar struktur gramatikal iku nggunakake kalungguhane tembung kanggo ngisi sawijine guna ing ukara. Nadyan kalungguhan iku nduwéni bab kang wigati kanggo ngerteni makna sajrone ukara, ukara saka asiling panliten saka lapangan iki kalebu ing tembung kriya kang jinise tumindak utawa aksi. Banjur struktur gramatikale iku mengko bakal diperinci maneh adhedhasar polane kalungguhane tembung sajrone ukara.

#### **Ukara kang Pola Kalungguhane kanthi Nggunakake Konstituen Punjere Tembung Kriya Tumindak Tanduk**

Ukara kang pola kalungguhane kanthi nggunakake konstituen punjere tumindak tanduk kaya ing ngisor iki.

#### **Paraga utawa Agentif – Tanduk – Panandhang**

Ukara kang kalungguhane nggunakake pola paraga-tanduk-panandhang bisa diandharake kaya ukara ing ngisor iki.

- (1) Aku lak wis kandha ta Din.  
jejer wasesa geganep  
paraga tanduk panandhang
- (2) Aku ngomongi Nyta.  
jejer wasesa lesan  
paraga tanduk panandhang
- (3) Aku wis muni ngone Nyta.  
jejer wasesa katrangan

- (4) Widya ora gelem ngomong paese.  
 paraga tanduk panandhang  
 jejer wasesa lesan  
 paraga tanduk panandhang
- (5) Aku ora sida matur ibu.  
 jejer wasesa lesan  
 paraga tanduk panandhang
- (6) Bojone Mbak Bin mbeja nggene Mbak Bin.  
 jejer wasesa katrangan  
 paraga tanduk panandhang
- (7) Doni sampun nyanjangi mas Parman.  
 jejer wasesa lesan  
 paraga tanduk panandhang
- (8) Bu guru dhawuh nggone bocah-bocah.  
 jejer wasesa katrangan  
 paraga tanduk panandhang

Ukara ing ndhuwur iku nuduhake yen tembung aku wis ngomong nggone mitra wicarane. Ukara ing ndhuwur kedadeyan saka jejer-wasesa-geganep. Jejere yaiku tembung ‘aku’. Banjur frase ‘wis kandha’ iku minangka wasesa. Dene frase ‘ta Din’ iku minangka geganep. Jejere ukara ing ndhuwur iku nduweni kalungguhan minangka paraga. banjur wasesane ukara nduweni kalungguhan minangka tumindak tanduk. Kang pungkasan yaiku lesane ukara ing ndhuwur nduweni kalungguhan minangka panandhang.

Banjur ukara kang kedadeyan saka jejer-wasesa-lesan yaiku ukara (2), (4), (5), (7). Jejere ukara kasebut yaiku ‘aku’, ‘Widya’, ‘aku’, lan ‘Doni’. Jejere ukara ing nduwur iku nduweni kalungguhan minangka paraga. banjur wasesane ukara kasebut yaiku ‘ngomongi’, ‘ora gelem ngomong’, ‘ora sida matur’, lan sampun nyanjangi. Kalungguhan kanggo ngisi wasesane kasebut yaiku minangka tanduk. Banjur lesane ukara kasebut yaiku ‘Nyta’, ‘paese’, ‘ibu’, ‘mas Parman’. Tembung kasebut minangka lesan kang diisi sawijine kalungguhan minangka panandhang

Kang pungkasan yaiku polane ukara (3), (6), lan (7). Kang kawangan saka jejer-wasesa-katrangan. Jejere ukara kasebut yaiku ‘aku’, ‘bojone mbak Bin’, lan ‘bu guru’. Jejere ukara kasebut nduweni kalungguhan minangka paraga. Banjur wasesane yaiku ‘wis muni’, ‘mbeja’, ‘dhawuh’ kang nduweni kalungguhan minangka tanduk. Katrangane ukara kasebut yaiku ‘nggone Nyta’, ‘nggene Mbak Bin’, lan ‘nggone bocah-bocah’. Kaltrangane ukara kasebut nduweni kalungguhan minangka panandhang. Sajrone ukara ing ndhuwur iku mau ora bisa diolak alik sapa sing nggunakake lan sapa sing nampa.

### Paraga utawa Agentif -Tanduk

Tembung kang kalungguhane sajrone ukara nggunakake pola paraga-tumindak tanduk-kompanional yaiku kaya ukara ing ngisor iki.

- (9) Awakmu kok nyocot ae.

- jejer wasesa  
 paraga tanduk
- (10) Dina kae ra sah kakehan nyangkem.  
 jejer wasesa  
 paraga tanduk
- (11) Wong kok nggacor ae.  
 jejer wasesa  
 paraga tanduk
- (12) Anake mas Endro sing umure setau kae wis ngecebret.  
 jejer wasesa  
 paraga tanduk
- (13) Pak Samad wis gak patek ngendika.  
 jejer wasesa  
 paraga tanduk

Ukara ing ndhuwur kawangan saka jejer lan wasesa. Jejere ukara ing ndhuwur yaiku tembung ‘awakmu’, ‘Dina kae’, ‘wong’, ‘anake mas Endro sing umure setau kae’ lan frasa ‘pak Samad’. Tembung kasebut nduweni kalungguhan minangka paraga, jalaran jejere ukara kasebut pancene nindakake wasesane. Banjur wasesane ukara (9), (10), (11), (12), (13) yaiku tembung ‘kok nyocot ae’, ‘ra sah kakehan nyangkem’, ‘kok nggacor ae’, ‘wis ngecebret’ lan frasa ‘wis gak patek ngendika’. Wasesane ukara ing ndhuwur iku nglungguhani kalungguhan minangka tanduk.

Tembung kriya ‘kok nyocot ae’, ‘ra sah kakehan nyangkem’, ‘kok nggacor ae’, ‘wis ngecebret’ iku mau bisa digunakake dening wong kang sapadha-padha, jalaran pancene tembung kriya kasebut rada kasar yen digunakake ing pacaturan. Beda karo frasa tembung kriya ‘wis gak patek ngendikan’ iku digunakake kanggo wong sing luwih sepuh utawa nduweni kalungguhan luwih dhuwur tinimbang mitra wicarane. Mula anggone nganggo tembung kasebut ora kabeh wong nggunakake.

### Paraga utawa Agentif – Tanduk – Kompanional

Tembung kang kalungguhane sajrone ukara nggunakake pola paraga-tumindak tanduk-kompanional yaiku kaya ukara ing ngisor iki.

- (14) Mbah kung ngendikan kalih bapak.  
 jejer wasesa katrangan  
 paraga tanduk kompanional
- (15) Bapak ngendikan kalih ibu.  
 jejer wasesa katrangan  
 paraga tanduk kompanional

Ukara ing ndhuwur iku nggunakake pola paraga-tanduk-komponional. Tembung ‘mbah kung’ lan ‘bapak’ minangka jejere ukara iku wong sing medharake omongane, mula kalungguhane iku minangka paraga. Tembung ‘ngendikan’ ing ukara 14 lan 15 iku minangka wasesa, kalungguhane yaiku tanduk. Kang pungkasan yaiku ‘kalih bapak’ lan ‘kalih ibu’, tembung kasebut gunane yaiku minangka katrangan. Tembung kasebut minangka wong sing ngrungokake omongane paraga, mula kalungguhane ing ukara yaiku minangka kompanional. Tembung ‘ngendikan’ uga digunakake

karo wong sing luwih dikurmati. Digunakake dening wong tuwa marang wong sing luwih enom.

### **Ukara kang Pola Kalungguhane kanthi Nggunakake Konstituen Punjere Tembung Kriya Tumindak Tanggap**

Ukara kang pola kalungguhane kanthi nggunakake konstituen punjere tumindak tanggap bisa diandharna kaya ing ngisor iki.

#### **Panandhang – Tanggap – Paraga utawa Agentif – Wektu**

Tembung kang kalungguhane sajrone ukara nggunakake pola paraga-tanggap-paraga-wektu yaiku kaya ukara ing ngisor iki.

(16) Ibu wis diomongi pladen sadurunge nduwe gawe.  
jejer wasesa lesan katrangan wektu  
panandhang tanggap paraga wektu

(17) Mas Deny wis dikandhani ibu wingi.  
jejer wasesa lesan katrangan  
wektu  
panandhang tanggap paraga wektu

Ukara ing ndhuwur polane kalungguhan yaiku panandhang-tanggap-paraga-wektu. Tembung ‘ibu’ lan ‘mas Deny’ minangka jejer iku wong sing nampa anane omongan, mula kalungguhane minangka panandhang. Frasa ‘wis diomongi’ lan ‘dikandhani’ kasebut tembung kriya minangka wasesane ukara. Mula kalungguhane sajrone tembung minangka tanggap. Tembung ‘pladen’ lan ‘ibu’ ing struktur ukara minangka lesan. Tembung ‘pladen’ lan ‘ibu’ iku pawongan kang medharake omongan, mula kalungguhane iku minangka paraga. Kang pungkasan yaiku ‘sadurunge nduwe gawe’ lan ‘wingi’ minangka katrangan wektu kang ana sajrone struktur ukarane. Frase kasebut nuduhake anane wektu kanggo medharake omongane iku mau, mula kalungguhane minangka wektu.

#### **Panandhang – Tanggap – Oblik**

Tembung kang kalungguhane sajrone ikura nggunakake pola paraga-tanggap-paraga yaiku kaya ukara ing ngisor iki.

(18) Adhikku wis dikandhani ibu.  
jejer wasesa katrangan  
panandhang tanggap oblik

Tembung ‘dikandhani’ minangka wasesa iku kalebu ing tembung kriya kang nuduhake tumindak. Sanadyan tembung ‘ibu’ iku katrangane ukara, jalaran anane status kang dimudhunake. Ukara ing ndhuwur yen tanpa ibu sejatine wis bisa dadi ukara, mula gunane tembung ‘ibu’ sajrone ukara iku minangka katrangan. Dene kalungguhane yaiku minangka oblik. Tembung ‘adhik’ minangka jejere ukara kang diisensi dening panandhang. Bisa diisensi dening panandhang jalaran ‘adhik’ iku bocah sing nampa apa kang diwedharake dening ibu. Mula kalungguhane tembung ‘adhik’ iku

minangka panandhang. Tembung ‘dikandhani’ iku dhewe nduweni kalungguhan tanggap utawa *pasif*. Ukara ing ndhuwur wis nuduhake yen panganggone tembung kriya ‘dikandhani’ iku mung digunakake dening wong kang luwih tuwa marang wong enom.

### **Ukara kang Pola Kalungguhane kanthi Nggunakake Konstituen Punjere Baliangga utawa Refleksif**

Ukara kang pola kalungguhane kanthi nggunakake konstituen punjere *refleksif* iku nduweni kalungguhan minangka paraga lan panandhang jalaran sing nindakake pakaryan lan sing nampa apa kang ditindakake iku mau jejere ukara. ukara kang nduweni pola kalungguhan kanthi nggunakake konstituen punjere baliangga bisa diandharna kaya ing ngisor iki.

#### **Paraga utawa Agentif – Baliangga**

Tembung kang kalungguhane sajrone ikura nggunakake pola paraga utawa agentif-refleksif utawa baliangga yaiku kaya ukara ing ngisor iki.

(19) Wong kae ndremimil dhewe.  
jejer wasesa  
paraga baliangga

(20) Sampeyan wi ngecemes ae.  
jejer wasesa  
paraga baliangga

Ukara ing ndhuwur iku kedadeyan saka jejer lan wasesa. Tembung ‘wong kae’ lan ‘sampeyan wi’ iku minangka jejer. Jejere ukara iku perlu ana sing nglungguhi, mula kalungguhane kanggo ngiseni jejer yaiku minangka paraga. Banjur wasesane ukara ing ndhuwur yaiku frase ‘ndremimil dhewe’ lan ‘ngecemes ae’. Tembung kasebut ora mbuthake mitra wicara, ditindakake dhewe, lan ditampa dhewe, mula kalungguhane tembung ‘ndremimil dhewe’ iku minangka baliangga utawa *refleksif*.

#### **Paraga utawa Agentif – Baliangga – Faktor**

Tembung kang kalungguhane sajrone ikura nggunakake pola paraga utawa agentif-baliangga-faktor yaiku kaya ukara ing ngisor iki.

(21) Ibu-ibu umeg perkara iku.  
jejer wasesa gegena  
paraga baliangga faktor

Ukara ing ndhuwur iku nuduhake struktur ukara kang kedadeyan saka jejer-wasesa-lesan. Tembung ‘ibu-ibu’ iku nuduhake jejer. Banjur tembung ‘umeg’ iku kang tegese ngomong kanthi ora lega kang tujuwane nggunem nuduhake wasesa. Frase ‘nganani perkara iku’ nuduhake lesan. Ukara ing ndhuwur iku nganggo pola paraga-refleksif-faktor. Ukara ing ndhuwur nuduhake baliangga, jalaran pancene apa sing diwedharake iku ya ditanggepi dhewe. Upama tembung kasebut ditindakake dhewe iku uga bisa. Tembung ‘ibu-ibu’ minangka paraga. Tembung ‘umeg’ iku tegese padha omong-omongan ing mburine

wong sing njalari umeg. Tembung ‘umeg’ iku minangka tembung kriya kang nuduhake tumindak. Tembung kasebut kalungguhane *refleksif*. Kalungguhane kasebut jalaran tembung kriya kasebut diomongne dhewe lan dirasakake dhewe. Gegenahé ukara minangka bab kang njalari umeg iku mau, mula kalungguhane ing ukara yaiku faktor.

### Paraga utawa Agentif – Baliingga – Wektu

Tembung kang kalungguhane sajrone ikura nggunakake pola paraga utawa agentif-refleksif-waktu yaiku kaya ukara ing ngisor iki.

- (22) Mbak Lina nggremeng ae saben mulih kerja.  
jejer wasesa katrangan  
waktu  
paraga baliingga wektu

Ukara (25) iku struktur ukarane kawangan saka jejer-wasesa-katrangan wektu. Tembung ‘mbak Lina’ iku nuduhake jejere ukara. Banjur kang dadi punjere ukara yaiku ‘nggremeng ae’ nuduhake anane wasesa. Kang pungkasan nuduhake anane katrangan wektu yaiku tembung ‘saben mulih kerja’.

Yen saka struktur semantise, ukara kasebut nggunakake polane kalungguhan. Ukara kasebut nuduhake yen anane kalungguhan arupa paraga-baliingga-waktu. Tembung ‘mbak Lina’ minangka pawongan kang nuduhake anane wasesa kang ditindakake lan dirasakake dhewe, mula tembung kasebut kalungguhane minangka paraga. Tembung kriya kang madeg dadi wasesane ukara iku minangka punjere nduweni kalungguhan yaiku baliingga utawa *refleksif*. Kang pungkasan anane keterangan kapan nindakake tembung ‘nggremeng’ kasebut, mula tembung ‘saben mulih kerja’ kalungguhane minangka wektu.

### Ukara kang Pola Kalungguhane kanthi Nggunakake Konstituen Punjere Tanduk Tarung utawa Resiprokal

Ukara kang pola kalungguhane kanthi nggunakake konstituen punjere *resiprokal* bisa diandharna kaya ukara ing ngisor iki.

### Paraga lan Panandhang – *Resiprokal*

Tembung kang kalungguhane sajrone ukara nggunakake pola paraga lan panandhang-*resiprokal* yaiku kaya ukara ing ngisor iki.

- (23) Wong neng angkrik kae biyasane cecaturan tok.  
jejer wasesa  
paraga lan panandhang resiprokal

Ukara ing ndhuwur iku kedadeyan saka jejer lan wasesa. Frase ‘wong neng angkrik kae’ minangka jejere ukara. banjur ‘biyasane cecaturan tok’ iku minangka wasesa. Jejere ukara ing ndhuwur iku uga nduweni kalungguhan minangka paraga lan panandhang, jalaran ana respon kang padha omong-omongane anatarane wong siji lan sijine. Banjur wasesane ukara ing ndhuwur iku minangka tanduk tarung utawa *resiprokal*.

### Paraga lan Panandhang – *Resiprokal* – Paraga lan Panandhang

Tembung kang kalungguhane sajrone ukara nggunakake pola paraga lan panandhang-tanduk tarung-paraga lan panandhang yaiku kaya ukara ing ngisor iki.

- (24) Mas Munib omong-omongan karo Karim.

jejer wasesa katrangan  
paraga lan panandhang *resiprokal* paraga lan panandhang

Ukara ing (24) ing ndhuwur iku nuduhake yen anane tembung kriya kang tanduk tanggap, tegese antarane pamicara lan mitra wicarane iku nduweni kalungguhan kang padha yaiku padha-padha ngomonge. Ukara kasebut kedadeyan saka jejer-wasesa-katrangan. Jejere ukara ing ndhuwur yaiku ‘mas Munib’. Banjur tembung ‘omong-omongan’ iku minangka wasesa. Banjur ‘karo Karim’ minangka katrangan.

Wasesane iku minangka jinise tembung kriya tumindak. Tembung kriya tuindake iku kagolong resiprokal. Mula kalungguhan kanggo nglungguhi wasesa yaiku tanduk tarung utawa resiprokal. Banjur jejere ukara kasebut nduweni kalungguhan minangka paraga. kang pungkasan yaiku katranganekan ukara nduweni kalungguhan minangka paraga lan panandhang.

Adhedhasar andharan panliten ing ndhuwur, bisa dijilentrehake yen tembung kriya kang nduweni teges ngomong iku bisa dingertení unsur-unsur sajrone tembung saka komponen makna. Saka tembung kang kalebu ing teges ngomong iku ana sangalas tembung kang ditemokake ing lapangan. Tembung tembung kasebut bisa dingertení luwi cetha yen dicakake ing ukara. Dideleng saka sturkur gramatikale, pranyata tembung kriya kang ngisi sawijine wasesa iku mung nuduhakake anane tembung kriya kang jinise tumindak utawa aksi wae.

Peprincen kaping pisan bisa dingertení saka komponen maknane lan struktur ukarane kathi pola paraga lan panandhang-baliingga utawa refleksif. Tembung nggremeng iku medharake kekarepane dhewe nanging ora mbuthake mitra wicara. Kekarepane iku mbalik neng awake dhewe. Perkara kang diwedharake saka omongane iku kanggo awake dhewe.

Banjur tembung ndremimil iku uga meh padha karo nggremeng, bedane intensitas wedharane omongan iku luwih cepet. Miturut apa sing wis diandharake ing komponen makna lan wis dibuktekake sajrone struktur gramatikal yen tembung ndremimil iku ora perlu ana mitra wicarane. Wedharane arupa omongane iku miturut kekarepane dhewe lan kanggo awake dhewe utawa kanggo pamicara iku dhewe. Mula saka iku anane omongan kang asipat umum kang wedharane iku diwedharane pamicara lan kanggo pamicara iku dhewe ndadekake tembung ‘nggremeng’ lan tembung ‘ndremimil’ iku dadi saprincen.

Banjur tembung ‘umeg’ uga kalebu ing baliangga. Jalaran, sanadyan tembung iki cacahe wong omong bisa dhewe lan uga bisa luwih saka siji, nanging karepe yaiku ditindakake utawa diwedharake dhewe lan kanggo awake dhewe. Banjur tembung ‘ngecemes’ iku omong dhewe nalika atine rada ora kepengak utawa rada nesu. Tembung iki uga diwedharake dhewe lan kanggo awake dhewe, ora pacaturan kari liyan. Mula peprincen semantise tembung tembung ‘nggremeng’, ‘ndremimil’, ‘umeg’, lan ‘ngecemes’ yaiku kalebu ing baliangga utawa refleksif.

Saliyane peprincen rong tembung ing ndhuwur iku tembung liyane uga bisa diperinci. Peprincen kaping pindhone miturut komponen maknane kang dibuktekake ing struktur gramatikale kanthi pola paraga lan panandhang-tanduk tarung-paraga lan panandhang utawa paraga lan panandhang-tanduk tarung, tembung ‘omong-omongan’, lan ‘cecaturan’ uga dadi saprincen. Tembung ‘omong-omongan’ iku medharake guneman kang asipat omong nanging mitra wicarane uga nduweni kalungguhan kang padha kanggo nyauri lan medharake gunemane, ora mung ngrungokake wae nanging uga nanggepi kanthi intensitas wangslan kang padha kerepe karo pamicara.

Semono uga tembung ‘cecaturan’. Tembung ‘cecaturan’ uga nduweni komponen kang padha karo ‘omong-omongan’, nanging bedane kahanane wong cecaturan iku luwih santai. Miturut komponen kang padha antarane rong tembung kasebut ndadekake saprinci. Adhedhasar anane unsur tanduk tarung kang tegese padha-padha medharake omongan kanthi cara gantenan iku mau telung tembung kasebut dadi saprinci. Mula tembung ‘omong-omongan’ lan ‘cecaturan’ kalebu ing tanduk tarung utawa resiprokal.

Peprincen semantise tembung kriya kang nduweni teges ngomong kaping telune yaiku miturut tembung kriya kang karepe medharake guneman kang asipat umum. Omongan iku diwedharake dening pamicara marang mitra wicarane. Pamicara iku medharake omongan tanpa ana wangslan kanggo medharake kekarepane mitra wicarane. Mitra wicarane iku kalungguhane minangka panandhang, amung nampa utawa ngerten omongan pamicara.

Sing kalebu ing peprincen kasebut yaiku tembung ‘kandha’, ‘muni’, ‘nyocot’, ‘nyangkem’, ‘nggacor’, ‘ngecebret’. Yen saka tembung kriya kang basane krama yaiku tembung ‘matur’, ‘beja’, ‘sanjang’, ‘dhawuh’, ‘ngendikan’. Tembung-tembung ing ndhuwur iku nadyan dadi saprincen nanging isih beda antarane tembung siji lan sijine. Bedane iku wis diandharake ing andharane panliten ing ndhuwur. Sing cetha tembung-tembung kasebut yen dicakake ing ukara, wong sing nindakake omongan nduweni kalungguhan minangka paraga. paraga

kang medharake omongan kang asipat umum kanthi titikane dhewe-dhewe. Banjur yen dideleng saka ukara ing ndhuwur, mitra wicarane iku kalungguhane minangka panandhang, tegese nampa apa kang diwedharake dening pamicara lan uga ora dadi pamicara kang tujuwane mangsuli pacaturane pamicara kanthi medharake omongan dhewe.

Yen dideleng saka pepadhane iku ekspresif arupa gagasan utawa panemune pamicara kang dadi punjere kanggo mrinci tembung ‘kandha’, ‘muni’, ‘nyocot’, ‘nyangkem’, ‘nggacor’, ‘ngecebret’. Sing cetha panganggone tembung kasebut iku antarane wong kang sapadha-padha, ora bisa diganteni dening pamicara lan mitra wicara liya. Banjur ing basa kramane yaiku tembung ‘matur’, ‘beja’, ‘sanjang’, ‘dhawuh’, ‘ngendikan’. Tembung kriya jinis krama iku panganggone tetep ora bisa diowah-owahi. Tembung ‘matur’ digunakake dening wong enom marang wong tuwa utawa wong kang kalungguhane luwih dhuwur tinimbang mitra wicarane. Tembung ‘sanjang’ lan ‘beja’ digunakake dening wong sapadha-padha. Kang pungkasan yaiku tembung ‘dhawuh’, ‘ngendikan’ iku digunakake dening wong tuwa marang wong enom utawa wong sing nduweni kalungguhan luwih dhuwur tinimbang mitra wicarane.

Peprincen kang pungkasan yaiku diperinci adhedhasar anane persuasif. Persuasif iku tegese medharake omongan kang karepe mangaribawa, ndayani, lan mahanani mitra wicarane. Banjur tembung ‘ngandhani’ lan ‘ngomongi’ iku kalebu ing persuasif kang jinis mahanani. Persuasif kang mahanani tegese yaiku nyasmitani, nerangake. Tembung ‘ngandhani’ iku medharake omongan kang tujuwane nerangake mitra wicarane, kalungguhane mitra wicara kasebut uga amung panandhang. Mitra wicarane iku sing cetha luwih enom tinimbang pamicarane ora perlu mangsuli akeh-akeh nanging perlu dingerten dening pamicara. Tembung sing kaya mangkono iku mau persuasif kang mahanani.

Semono uga tembung ‘ngomongi’, ngomongi iku bisa digunakake dening wong kang sapadha-padha kang tujuwane nerangake utawa menehi weruh mitra wicarane. Mitra wicarane iku kalungguhane uga padha kaya tembung ‘ngandhani’. Kalungguhane yaiku minangka panandhang, ora perlu mangsuli akeh-akeh apa kang dikandhakake dening pamicara, nanging ngerti apa kang dikarepane dening pamicara. Sing cetha pamicara lan mitra wicarane iku wong kang sapadha-padha. Saka jlentrehan ing ndhuwur iku cetha yen tembung ‘ngandhani’ lan tembung ‘ngomongi’ iku dadi saprinci yaiku minangka persuasif. Saka jlentrehan iku mau cetha yen tembung kriya kang nduweni teges ngomong kanthi basa ngoko bisa kaperang dadi papat yaiku baliangga

utawa refleksif, tanduk tarung utawa resiprokal, ekspresif, lan persuasif. Banjur teges ngomong kanthi basa kramane bisa diperinci dadi sagolongan yaiku ekspresif.

## PANUTUP

### Dudutan

Saka asiling panliten ing ndhuwur bisa didudut yen tembung kriya kang nduwensi teges ngomong bisa diperinci dadi patang peprincen. Patang peprincen kasebut yaiku refleksif utawa baliangga, resiprokal utawa tanduk tarung, ekspresif, lan persuasif.

### Pramayoga

Panliten ngenani peprincen semantise tembung kriya kang nduwensi teges ngomong isih akeh sing durung ditliti kanthi cetha. Kurange dhata kang luwih kompleks lan maneka warna nambahi panliten iki isih adoh saka sampurna. Panliti sadhar, ing panliten iki akeh cacad lan kurangane, mula panliten ngenani peprincen semantise tembung kriya kang nduwensi teges ngomong isih bisa dirembakake kanthi sampurna.

## DAFTAR PUSTAKA

- Adipitoyo, Sugeng. 2013. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana
- Antunsuhono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawa 1*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing
- Arikunto,Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta
- Chaer, Abdul, 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Djajasudarma, T. Fatimah, 1999. *Semantik I Pengantar ke Arah Ilmu Makna*. Bandung: PT. Refika Aditama
- Gudai, Darmansyah, 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan Jakarta
- Kridalaksana, Harimurti. 1986. "Perwujudan Fungsi dalam Struktur Bahasa" sajrone Makalah *Linguistik Indonesia Nomor 7*. Jakarta: Lembaga Bahasa Universitas Atma Jaya
- Mahsun. 2011. *Metode Penelitian Bahasa Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: Rajawali Pers
- Padmosoekotjo, S, 1953. *Ngengrengan Kasusastran Jawa*. Yogyakarta: Soejadi

Padmosoekotjo, S, 1987. *Paramasastra Djawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti

Parera, J.D, 2004. *Teori Semantik Edisi Kedua*. Jakarta: Erlangga

Pateda, Mansoer, 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: PT Rineka Cipta

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters

Rusydi, dkk. 1985. *Kosa Kata Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2005. *Kamus Jawa-Indonesia, Krama-Ngoko*. Jakarta: Yayasan Paramalingua

Sudaryanto. 1991. *Tata bahasa Baku Bahasa-Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press

Sudaryanto, dkk. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa

Sutana, Dwi. 1995. "Perian Semantik Kata-Kata yang BerkONSEP "Gerak Fisik Berpindah Tempat oleh Manusia Sajrone Bahasa Jawa" sajrone jurnal *Widyaparwa Nomor 45*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa

Sukardi. 2000. "Perian Semantik Leksem Bahasa Jawa yang Bermakna Kendaraan" sajrone jurnal *Widyaparwa Nomor 56*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa

Suwadji, dkk. 1995. *Medan Makna Rasa dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa

Ullmann, Stephen. 2009. *Pengantar Semantik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Verhaar, J.W.M. 2010. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Wahab, Abdul. 1995. *Teori Semantik*. Surabaya: Airlangga University Press

Wedhawati. 1990. *Tipe-Tipe Semantik Verba Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius